КІуэкІуэ Юрий хэтащ УФ-м и Правительствэм Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щІыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьынымкІэ и комиссэм и зэІущІэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ хэтащ УФ-м и Правительствэм Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щІыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьынымкІэ и комиссэм и зэІущІэм.

Ар иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий.

Лъэныкъуэ куэдкІэ зэпкрахащ гъэсынныпхъэ-энергетикэ ІэнатІэм щыщыІэ хъуа щытыкІэр. Іуэхум гулъытэ хэха щыхуащІыр, къыщыхагъэщащ зэІущІэм, экономикэмрэ социальнэ щытыкІэмрэ зегъэужьынымкІэ абы мыкъэнэхуэ зэриІэм и закъуэкъым, атІэ щыналъэм щІэпхъаджагъэ щамылэжьыр, ІэнатІэм Іулъхьэ щыщымыгъэІэн папщІэщ.

Гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ газымрэ уэздыгъэмрэ я уасэхэр тыныжкІэ щыхуэшхуэ зэрыщэтрихьар. Ягъэсэм хуэзэр и чэзум яту щыхэр егъэсэным, технологиещІэхэр хэпщэным, къуэв къалэнхэр гъэзэщІэным сэбэп хуэхъуну Іэмалхэр къыхалъхьащ.

Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым хыхьэ щыналъэхэм я Іэтащхьэхэм Медведев Дмитрий фІыщІэ къахуищІащ «федеральнэ къулыкъущІапІэхэм бидзу яныщІауэ, жыджэру зэрылажьэм папщІэ».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Дыгъуасэ

ЛъэІукІэ зыкъыхуэзыгъэзахэр арэзы хъуауэ щІокІыж

Сурэтыр Къарей Элинэ *трихащ.*

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі э и Советым КъБР-м къыбгъэдэкІыу сенатору щыІэ Къанокъуэ Арсен Медведев Дмитрий и цІыху егъэблагъэрапІэу Налшык дэтым цІыхухэм щаІущІащ.

ДЗЭЛЫКЪУЭКЪУАЖЭ щыщ АфІэунэ ХьэІишэт егъэгуавэ илъэс 17 зи ныбжь ипхъу Дианэ игъуэта фэбжьым иужьІэ и нэхэм ямылъагъэ зэрыхъуам, Мюнхен (Германием) операцэ щащІын хуейуэ къызэрыжраІам. Къанокъуэм пщащэ сымаджэм и дэфтэрхэр къищтащ, Германием щыІэ и цІыхугъэхэмкІэ Іугъэ зэфІигъэкІыну, текІуэдэнымкІи защІигъэкъуэну къигъэгугъащ.

Бел оглинкэ къуажэм щыщ бзылъхугъэм и унагъуэр зэрыдэхуэхар, щІыхуэпхуэ зэрателъыр, и къуэрылъхъур зэрысымаджэр, и бынитхум лэжьапІэ зэрамыгъуэтыр сенаторым щыхуиІуатэм, дэтхэнэми и щхьэ Іуэху зэрызэриІулъхьэ щыщымыгъэІэн папщІэщ.

Гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ газымрэ уэздыгъэмрэ я уасэхэр тыныжкІэ щыхуэшхуэ зэрыщэтрихьар. Ягъэсэм хуэзэр и чэзум яту щыхэр егъэсэным, технологиещІэхэр хэпщэным, къуэв къалэнхэр гъэзэщІэным сэбэп хуэхъуну Іэмалхэр къыхалъхьащ.

Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым хыхьэ щыналъэхэм я Іэтащхьэхэм Медведев Дмитрий фІыщІэ къахуищІащ «федеральнэ къулыкъущІапІэхэм бидзу яныщІауэ, жыджэру зэрылажьэм папщІэ».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ ЦІыхубэм щаІущІэ урысейпсо махуэ



ЦІыхубэм щаІущІэ урысейпсо махуэм - дыгъэгъазэм и 12-м - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я егъэблагъэпІэм сыхьэт 12-м къыщыщІэдзауэ щызэблэкІащ республикэм щыщ куэд.

КъЭРАЛ къулыкъущІэхэм захуэзыгъэзэну хуейм езыр хэтми къэзыгъэнаІуэ дэфтэр иІыгъмэ, апхуэдэ Іэмал иІащ чэзур къыльыса нэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гъэзэщ Іакі уэ властым и унафэщІэм я мызакъуэу, цІыхухэм яІущІащ республикэм и къалэхэм, щІыналъэхэм, къуажэхэм я Іэтащхьэхэр икІи закъыхуэзыгъэзахэм я гукъеуэхэм, зыгъэпІейтей Іуэхухэм тепсэлъыхьащ.

Кьалэ, къуажэ жьжьхэм дэсхэми къэрал къулыкъущІэхэм зыхуагъэзэну яІэ хуитыныгъэхэр къагъэсэбэпыфын хуэдэу Іуэхуэным иужь зэритыпхъэр, сымаджэм зыщІигъэкъуэну зэрыхьэзырыр жиІащ. ЩІыхуэуэ телъхъэм сом мини 180-р яхухигъэщІмэ, сабийр зэрыныкъуэдыкъуэм щхьэкІэ хэрытын хуей ахъшэр къаІэрыхьэу яхуэзэтриухуэмэ, арэзы зэрыхъунур бзылъхугъэм жиІати, Къанокъуэ Арсен ар къитхэгугъащ.

Прохладнэ къалэм щыщ Чернышов Денис сенаторым лъэІукІэ зыхуигъэзащ щІалэгъуалэ волонтер зэщІэхъеныгъэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэригъэпэщын папщІэ сом мини 110-рэ зэрыхуеинур жиІэу. ЩІалэгъуалэр унэтІыным, я зэманыр сэбэпынагъ пылъу ягъэкІуэным сыт щыгъуи зэрителъхьэр жиІэри, Къанокъуэм мы мазэр имыкІыу ахъшэр къаІэрыхуригъэхьынур дыщІигъуащ.

Сенаторым лъэІукІэ зыкъыхуэзыгъэза ЦІыху 12-р арэзы хъуауэ нутІыщьжащ, зэрыхуэзфІэжІкІэ дэтхэнэми зэрыдэІэпыкъунур яжриІэри.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№242 (22.900) ● 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 13, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Экстремизмэмрэ коррупцэмрэ япэщІэтыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ

● Абы дегъэпІейтей

КІуэкІуэ Юрий иригъэкІуэкІащ хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ. Абы щыщэпкрахащ экстремизмэмрэ коррупцэмрэ япэщІэтынымкІэ къэзыгъэнаІуэ ящыщ зэрыщытыр. Абы къыхэкІыу дэ ерыщу икІи зэкІэлъыкІуэу делэжьын хуейщ экстремизмэм и Іэужьхэр къэмыгъэхъуныр, льэпкъ, дин, социальнэ щхьэусыгъуэхэр зи лъабжьэ зэныкъуэкъуэхэр къызыхэкІхэр и зэманым къыщІэгъэщынм.

А пасэм зи къалэныр хабзэхъумэ органхэм я закъуэкъым. Апхуэдэ лэжьыгъэм властым и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэри, дин лэжьакІуэхэри, граждан жылагъуэ ІэхущІапІэхэри жьыджэру хэтын хуейщ. Ауэ нэхъыбэ дыдэ зэгъэгъуэнымк фэращи, республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іэхэр зэтегъэуэвэнымк фи унафэм щІэт ІэнатІэхэр нэхъри егугъныр кьызэвгъэпэщыну сынывлъэІу.

Урысейпсо ЦІыхубэ фронтым и иужьрей зэІущІэм къыщыщІапсалъэм УФ-м и Президентым къиГъэлъэгъуащ гъащІэм и дэтхэнэ Іэнатіэми коррупцэм зэрыщыпэщІэтыр гъэткІиин зэрыхуейр. Псом хуэмыдэу Путин Владимир къыхигъэщхьэхуКІащ къэрал заказхэр тыным, къэралым папщІэ товархэмрэ Іэхэу-тхьэбзэхэмрэ къэщэхуным мылкур зэрыщыІэзрамыгъэзахуэр, уеблэмэ Іулъхьэ зэрыщыІэпэхыр, зэрыщыдигъуэр. Мис а ІэнатІэм хабзэхъумэ органхэр нэгъэсауэ зэрыкІэлъымыплъыр къэралым и Іэтащхьэм нехьэкІ-кьехьэкІ хэмылъу жиІащ. А псалъэхэр дэри къытхуэгъэзащ. Экономикэм екьэлІа хабзэншагъэхэр, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр кьыщІэгъэщыныкІэ оперативнэ ІэнатІэхэмрэ следствием и ІэнатІэхэмрэ дызэрыт илъэсым зэфІагъэкІахэр къэзыгъэлъэгъуэ бжьигъэхэм зыкІи арэзы укъащІырыкъым».

КъБР-м и Іэтащхьэм кьихьащ языныкъуэ уголовнэ Іуэхуэхэр зэхэгъэкІыныр тегъэщІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэпурэ къызэрызэрагъэувыІэм, ахэр илъэс бжьыгъэкІэрэ зэрырагъэкІуэкІым я щапхъэ пыухыкІахэр. Абы КъБР-м и прокуратурэм хуигъэуващ уголовнэ Іуэхуэхэр, псом хуэмыдэу коррупцэм пыщІа щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэрызэхагъэкІым нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъыну. Пшэчынкі э Іэмал зимыІэщ, жиІащ абы, къызэІуах уголовнэ Іуэху щэ бжьигъэхэм ящыщу судым зэрызыхэх фІэкІа зэрынэмысыр.

И псалъэр щиухым КІуэкІуэ Юрий къызэхуэсахэм аргуэру зэ гу лъаригъэтащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я шынагъуэр къэмыгъэхъуным къару псори хуэзэщІагъэуІуэн зэрыхуейм. «Влэжьар мащІэкъым, ауэ къыфпащІт Іуэхуэхэр нэхъыбэж мэхъу. Евгъэжьа псори нэвгъэсын, оперативнэ лэжьыгъэхэр щІэвгъэхуэбжьэн икІи экстремистхэм щІалэгъуалэр щызыхахэ къэмыгъэхъуным нэхъ ерыщу фыпэщІэтын хуейщ. ЦІыхухэм шынагъуэ хъатемыгъэхьэныр, жылагъуэ хабзэр хъумэныр экономикэ зыужьыныгъэ зэпІэзэрытым и лъабжьэ нэхъыщхьэщ», - кьыхигъэщхьэкуІащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Закон Нэхъыщхьэм къэралым и купщІэр еубзыху

Урысей Федерацэм и Конституцэу ЦІыхубэ референдумым 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м кьыщащтам ПІэрэ къэралыщІэм и Іуэгугур игъэбелджылащ. Абы мыкІуэдыжьын тхыдэ мыхьэнэ иІэщ, сыту жьІэпІэмэ зэи къэралым кьыщымыхъуауэ наІуэ къищІащ ди цІыхубэм, къэралым дуней псом щыщ Іыхьэу зэрызыкъалъытэжьыр, зыхуэдгъэувыж мурадхэр, а мурадхэр зэрыдгъэззщІэну щыкІэр. СССР-м хурубыдзу щыта щІыпІэ псоми щыІа политикэ, экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ щыгъыкІэр къэплъытэмэ, абыхэм ельытыгъуэ щытащ ди къэкІуэнур зыхуэдэр.

Дэтхэнэ къэрал щхьэхитым и дежкІи Конституцым и махуэр политикэ, тхыдэ мыхьэнэ хэха зиІэ гуфІэгъуэщ. Урысейм и Конституцым и махуэм ирихьэлІэу къытебгъэзэжу уемыгупсысу хъурхъым абы ди къэралым зиужьынымкІэ иІа мыхьэнэм, дяпэкІэ ар зэманым хуэзэрезэгъынум. Конституцэм игъэзащІэ къалэнымрэ абы и мыхьэнэмрэ теухуауэ къэрал къэдым щыжаІар, щатхар мащІэкъым икІи абыхэм щІэуэ зыгуэр ядыщІыбгъужьну гугъущ. Ауэ кьыхэгъэщыпхъэщ Конституцэр дэтхэнэ къэралми и псэукІэм и лъабжьэу зэрыщытыр, абы къэрал ухуэкІэр (унафэр зэращІыр, къэралыр зэрызэхэлъыр, политикэ унафэр зэІыбгъыр) зэриубзыхур. Хабзэ Нэхъыщхьэм егъэбелджылы жылагъуэр зытет правовой лъабжьэр, абы и политикэ зэкъуэтыныгъэр. Къэралым и лэжьыгъэр зыхуэунэтІар, абы игъэзащІэ къалэнхэр, цІыхухэм я зэхущытыкІэхэр зытещІыхьар, апхуэдэу цІыхум, гражданиным и правовой статусыр. Конституцэр властым зыІыгъым я дежкІэ жэуаплыныгъэщ икІи абыхэм я лэжьыгъэр мардэткІийхэм ирегъэувэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 13, *щэбэт*

♦1949 гъэм Налшык щекІуэкІащ Къабэрдей АССР-м и цІыхубз ныбжьыщІэхэм я XI республикэ съезд.

♦1991 гъэм Налшык щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я лІыкІуэхэм я съезд.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІалэ-щІалэкІэрэ уэшх къыщІэхъунущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жащым градуси 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 15, *блыщІэ*

♦УФ-м и Дзэ-Хъуэ Къарухэм я радиотехникэ дзэхэр къыщыІэзрагъэпэща махуэщ

♦Зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда журналистхэм я фэеплъ махуэщ

♦Шейм и дунейпсо махуэщ

♦1699 гъэм Петр Езанэм и унафэкІэ Урысейр Юлиан мазухэгъэпсын хэкІуащ. Абы ипкъ иткІэ, 1700 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэсыщІэр ди къэралым къыщыщІагъэхьэр щІыпІэм (январьрым) и 1-рщ, зэрыщыта фокІадзэм (сентябрым) и 1-м и пІэкІэ.

♦1905 гъэм Москва Пушкиным и унэр - Дунейпсо литературэм и институтыр - къыщІэзІуахащ.

♦1921 гъэм Къэбэрдей автономн областым и лІыкІуэ РСФСР-м и ВЦИК-м и дежкІэ щыІэныр хабзэу ягъэуващ.

♦1939 гъэм Атлантэ (США) япэу щагъэлъэгъуауэ щытащ иужькІэ дуней псом цІрыІуэ щыхъуэ «Унесённые ветром» фильмыр. Режиссёр Флеминг Виктор а и лэжьыгъэм «Оскар» саугъэту 8 къыхуагъэфэщат.

Дыгъэгъазэм и 14, *тхьэмахуэ*

♦Академик Сахаров Андрей и фэеплъ махуэщ

♦1799 гъэм дунейм ехьжащ США-м и япэ президенту щытА Вашингтон Джон.

♦1695 гъэм пащтыхь Пётр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэ Черкасский Алий (Михаил) Алигъуокъуэ и къуэр Урысейм и генераликсимусу хахат. (Абы щыгъуэ ар дзэм и къулыкъу нэхъыщхьэт).

♦1911 гъэм Норвегием и къэхутакІэ Амундсен Руал япэу Ипщэ полюсым нэсащ.

♦Дыгъэгъазэм и 14 - 25-хэм Санкт-Петербург щызэхэтынущ «Гъуэздджэхэм я Ут» XV дунейпсо щІымахуэ фестиваль.

♦Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щІэнигъэм тету джыным япэу зезыпщытахэм ящыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэныбзэм я алфавит зэхэзыльхьа **Услар Пётр** къызэралъхурэ илъэси 198-рэ ирокъу.

♦1999 гъэм Москва къыщызэІуахащ Иджырей гъуэзджэм и музейр.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБАССР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Балъкъэр Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэу щыта, публицист **Джэдгъэф Аслъэмырзэ** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мамбэт Хьэлым** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Химиэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дзу Іэбубэчыр** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ло Инал** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Композитор **Къэзан Аслъэнджэрий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Мыз Майе** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІалэ-щІалэкІэрэ уэшх къыщІэхъунущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жащым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дзыгъуэ пэтрэ щІымахуэм хуогъэтІылъэ.

■ ЗэІущІэхэр ■ Пшыхьхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Гъуэгуанэ жьжьхэр ■ Малъхъэдис

Мысырым и хьэщІэ Къарей Элинэ

Мысырым адыгэхэр Х лІэщІыгъуэ лъандэрэ (975 - 996 гъгъ.) щопсэу. Бахъурий мамлюкхэм 1250 - 1382 гъэхэм къэралыр яІэщІэлъащ. Иужьк І э тахъгъэ ябыд щэрджэсхэм. Абы хэм я лІакъуэм Мысырымрэ Сириемрэ унафэ хуащІащ илъэси 135-кІэ.

АДЫГЭ мамлюкхэращ Каир, Александрие, Дамиеттэ, Порт-Саид, Хьэлэб, Дамаск къалэхэм дэт уэхэныгъэшхуэхэр дзэщІыхьар. ЩІэрджэсхэм къахэкІар сулътІанхэм я закъуэкъым. Апхуэдэуи абыхэм ящыщ усакІуэ цІэрыІуэхэу Мыхьмуд Сами аль-Баруди (Наурэкъуэ), ЩэукъуИ Ахьмэд, Мысырым и вице-президенту щыта Жэмбей Закарие, сэмэгу партым и унафэщІ Жэмбей Хьалид, нэгъэущІэхэри.

Иджыпсту Мысырым щопсэу адыгэ мини 140-м щигъу. Куэдым зэрахьэр Абазэ унэщІэщ, ауэ ахэр къызыхэкІар адыгэщ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех Къарей Элинэ иджыблагъэ Каир зэрыщыІам теухуа зэпсэльэныгъэм фыкъыщеджж еплІанэ напэкІуэцІым.

Къарей Элинэ Мысырым и сулътІан, адыгэлІ Къаит-Бей и мэжджытым деж щытщ.

● Мэз

Мылъкуу хухахым хагъахъуэ

Мэз хозяйствэмкІэ федеральнэ агентствэм щыхэпІащ икІи щызэхуагъэкІуащ. 2015 гъэм, апхуэдэу 2016, 2017 гъэхэм КъБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм къэрал бюджетым хухихыну субвенцэхэр къызэрагъэсэбэпыну щыкІэр.

Мэз лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым и Іуэхукіэ УФ-м и полномочие щхьэхуэхэр ягъэзэщІэн папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым етІанэгъэ сом мелуан 65,7-рэ кьратынущ. Ар мыгъэрейм сом мелуани 2-кІэ щІегъу. 2016 гъэм сом мелуан 66,7-рэ, къыкІэлъыкІуэ илъэсым сом мелуан 68,6-рэ хухахынущ.

Апхуэдэу мафІэсым зэрыпэщІэтыну техникэрэ Іэмэпсымэхэмрэ я гащэхун папщІэ етІанэгъэ сом мелуани 2,1-рэ, 2016, 2017 гъэхэм зэрызэкІэлъыкІуэ сом мелуани 5,7-рэ, мелуани 5,3-рэ кьратынущ.

ШАКЪ Заринэ.

Закон Нэхъыщхьэм къэралым и купщIэр еубзыху

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Ищхьэкlэ къыщыгъэлъэгъуа а Iэухухэм ящыщу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэр Конституцым и преамбулэм Iыхьищу егуэш. Ятеуэрэ, дуней псом щыщ Iыхьэу зыкъэзыльытэж ди цIыхубэр, акъыл зэхэлъкlэ мы Конституцэр къэзыщтэр, лъэпкъ куэду зэхэтщ. Я къэкlуэнур зыуэ ахэр езыхэм я щIыналъэм щопсэу икIи Хэкур ялэкlэ гъэкIуэтэныжкlэ къэкlуэну щIэблэхэм я пащхьэ щахь къалэныр зыхащIэ.

ЕтIуанэрауэ, цIыхубэм къащта унафэм (Конституцэр къыззэращтам) и щхьэусыгъуэу тхыдэм ехьэлIа Iэзху зыбжанэ преамбулэм итщ. Абыхэм ящыщщ къэрал зэкъуэт зэман кIыхькlэ зэрызэтрагъэуар, лъэпкъхэм дуней псом къыщалъытэ хуитныгъэхэр и лъабжьэу я щхьэ унафэ зэращIыжыр, блэкlа зэманым псоуахэм Хэкум хуаIэ лъагъныгъэмрэ пщIэмрэ, абыхэм гуапагъэмрэ захуагъэмрэ ялэ иракъэщу зэрыщытар къызэралытэр.

Ещанэрауэ, мыбдеж щыубзыхуащ къэралым и Закон Нэхъыщхьэр къыщIащтэ мурадхэр. ЗэрыгурыIуэгъэщIи, абыхэм ящыщщ зэман кIыхьым кIуриубыдэу цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр зэрызэтеувар, зэрызиужьыр икIи ар Конституцэщ1эм ялэкlэ игъэкIуэтэн зэрыхуейр. Ауэ абы къыдэкIуэу преамбулэм къыщыгъэлъэгъуащ цIыхубэм хабзэхэр зэрагъэувыр. Абыхэм Конституцэр къащтэ, «цIыхум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ, граждан мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щIагъэбыдэу», «зэман кIыхькlэ зэтеува къэрал зэкъуэтыр яхъумэу», «Урысейм и суверенитэ къэралыгъуэр зэфIагъэувэжу, абы и демократие лъабжьэхэр ягъэбыдэу», «Урысейм и ефIэкIуэныгъэмрэ зыужьныныгъэмрэ къызэрагъэпэщыну хущIэкъуу».

А щIыкIэм тету, Конституцэм къыщыгъэлъэгъуащ Урысейм и цIыхубэр лъэпкъ куэду зэрызэхэтыр икIи дуней псом щыщ Iыхьэу зэрызыкъалъытэжыр.

УФ-м и Конституцэм хабзэ мардэхэр игъэув къудейкъым. Абы еубзыху якIуалэрэ къэралри зыхущIэкъу гугъапIэхэмрэ захуагъэмрэ. ИпэжыпIэкlэ абы щIегъэбыдэ лъэпкъ куэд щыпсэу, демократием и хабзэхэм тет федеративнэ къэралу Урысейр зэрыщытыр, абы и политикэр цIыхум щхьэхуиту зиужьын папщIэ зыхуеину Iэмалхэр къыхуэзгъэпэщыным зэрыхуэунэтIар (1, 2, 7 статьяхэр).

Закон Нэхъыщхьэр къызэращтэрэ блокIар, тхыдэм и пащалъэхэмкlэ убгъэдыхьэмэ, зэман кIэщI дыдэщ. Ауэ абы къыриубыдэу зэхъуэкIыныгъэ инхэр екIуэкIащ, политикэ, социальнэ, экономикэ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щыIащ, суд системэр ипэжыпIэкlэ щIэуэ зэтрагъэувэжащ.

Конституцэм и Iэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, гугъуехьэр пыщIауэ щытами, ди гъащIэм хьихьащ. 2 статьяр къапщтэмэ, абы къыззэригъэлъагъэмкlэ, мурад нэхъыщхьэ дыдэр цIыхум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ къызэгъэпэщынырц. Ар къызэгъэпэщыныр, цIыхум, гражданиным и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ къащхьэщыжыныр къэралым и къалэнщ. Ар щIегъэбыдэ 17 статьямэ. Абы зэритымкlэ, дунейпсо хабзэхэм тету Урысейм къыщалъытэ икIи щахъумэ цIыхум, гражданиным и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ. Хуитныгъэ, щхьэхуитныгъэ нэхъыщхьэхэр цIыхум къыдальху икIи ахэр абы зыми къыIихыну хуиткъым.

А щIыкIэм тету, Урысейм и Конституцэм иджы пэ дыдэу къыщылъытащ цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэ хуитныгъэхэр. ЦIыхумрэ къэралымрэ я зэхущытыкIэхэм а щIыкIэм тету зэрызахъуэжар УФ-м и Конституцэм зэрыратхам и фIыщIэкlэ, правовой къэралым и хабзэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зы зэтоуэз: цIыхухэм къэралым и пащхьэ зэуаплныгъэ щахь, ауэ къэралми гражданиным и пащхьэ жэуап щехь абы и щхьэхуитныгъэр къызэгъэпэщынымкlэ, и гъащIэм, и псэукIэм шынагъуэ къытемыгъэхьэнымкlэ, гражданиным и хуитныгъэ псори хъумэнымкlэ. Апхэдэ мардэм и фIыгъэкIэ цIыхум хуэгъэзауэ властым лей щызэрихьэ къэхъунукъым.

Зэман къэкIуэнум Конституцэр къызэрезгъэши иджыпсту куэдрэ топсэлъыхь. Ауэ мыбдеж къыщыхэзгъэщхьэхукIыну къыщыгъуэ мыпхуэдэ зы Iэзху. Урысейм къэралым и Закон Нэхъыщхьэр зэпIэзэрыту лэжьэн хуейщ. Абы къыдэкIуэу зэманым къеГъэув Конституцэм зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэм зэпIэзэрыту. Закон нэхъыщхьэр къэбгъэщIэрэщIэжыну къеззэгъыркъым, сыту жыпIэмэ, ар къэралым зэпIэзэрыту зэрызимыужьым е езы Конституцэм дагъуэ куэд зэриIэм и щIыхьэту аращ. Жылагъуэм зэпIэзэрыту зиужьныныкIэ щэсыпIэр законхэр зэпIэзэрыту щытыныр щ.

Абы и лъэныкъуэкlэ къапщтэмэ, икъукlэ захуэщ УФ-м и Конституцэ Судым и Унафэщ Зорькин Валерий жиIа мы псалъэхэр: «Жылагъуэм зиужьныку Конституцэр къыззрыбгурыIуэн хуейми зебгъэубгъуныкlэ Iэмалышхуэхэр щыIэщ. Ауэ мыбдеж мардэ пыухыкIахэм зэритыпхэр къэпльытэн хуейщ - дэ фIыщIэр хужьу къытхуцIегъэдзыкуныкъым. Апхэдэ щытыкIэр езы властым и зэхэтыкIэмрэ Конституцэм и Iэухугъуэхэмрэ ягъэув». Дуней псом щапхъэу къыщалъытэу куэдрэ топсэлъыхь США-м и Конституцэм. Абы и фIыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ иубзыху мардэхэр куэд зэрымыхъур, ауэ дэтхэнэ Iэзхуг1уэри къызэрыбгурыIуапхъэ щIыкIэр къэралым и Суд Нэхъыщхьэм къезэгъэну зэрызэпкърихыр. США-м и Суд Нэхъыщхьэм хэта Хуго Эванс Чарльз 1907 гъэм жиIауэ щытащ: «Дэ ди лэжьыгъэр Конституцэм тещIыхьащ. Ауэ Конституцэр зищIысыр - абы теухуауэ зыщIэм жиIэр аращ».

Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейуэ къэтлъытэмэ, дэ псом япэу дубзыхупхъащ Конституцэм хэлъ ныкъуасныгъэ нэхъыщхьэхэр, ахэр зэрыдгъэзэжкIуэжыну Iэмал нэхъыщхьэхэр. Мис абыхэмкlэ уэзгурыIуэмэщ апхэудэ лжьыгъэм политикэ и лъэныкъуэкlэ щынагъуэ щыпымылынкIыр, юридическэ и лъэныкъуэкlэ дагъуэнщэу щыщытынур икIи Конституцэр дызыхуей лъэныкъуэм зэхуэнэтIауэ демыпIэщIэкIыу щытхуэгъэфIэкIуэнур. Мыбдежми зэхъуэкIыныгъэхэр зэман кIыхьым тещIыхьауэ гъахьэзырын хуейщ, сыт хуэдэ Iэухуми жылагъуэр, властым и Iэнатlэхэр хуэхьэзыр щыхъунур къэльытауэ.

Конституцэм и зэранытэкъым абы къыщыгъэлъэгъуа Iэухугъуэхэм ящыщ куэд нобэми гъэззщIа зэрымыхъуар. Конституцэр - ар программэщ, жылагъуэр зэкъуэгъуэвэным хуэунэтIа лъэпкъ мурадщ. Ар жылагъуэ, политикэ къару зэмылIэужьыгъуэхэм зым адрейм худачыхьыр къащта документщи, псори зэхуэдэу арэзы зытемыхьуэ Iэухуэхэм хэтщ.

КъыпIэщIт илъэс гъунэгъуэхэм къриубыдэу къалэн нэхъыщхьэ дыдэр Конституцэм и мардэхэр, абы и дэтхэнэ зы псалъэри текI имыIэу гъэззщIынырц. Ар стратегие къалэнщи, власткр хэт иIыгъыми абы емылъытауэ, уеблэмэ езы Конституцэ дыдэми емылъытауэ, зэфIэгъэкIын хуейщ.

ГЕЛЯХОВ Абдулыхь,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и УнафэщI, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист.

Сурэтыр **Свириденкэ Татьянэ** *трихащ.*

• Пшыхьхэр

УсакIуэ щэджащэхэм я щIыхькIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакIуэ пажэхэу КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ ятеухуа усыгъэ пшыхь щекIуэкIащ егъэджэныгъэмкIэ «Успех» центрым. КIыщокъуэ Алим илъэси 100 зэрырикъум папщIэ екIуэкIа пшыхьыр къыззэрагъэпэщащ КIуэкIуэ Валерий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и япэ курсым щеджэхэм. Пшыхьыр къызэIуихащ а университетым урысибзэмкIэ и кафедрэм и унафэщI ГъущIапщэ Ингэ. Абы жиIащ Iуэху дахэр университетымрэ «Успех» центрымрэ зэгъусэу зэрырагъэкIуэкIыр. ФIыщIэ хуищIащ «Успех»-м и унафэщI Iэпыч Жаннэ.

ЦЕНТРЫМ и гъэсэн цIыкIуэхэми я зэфIэкI халъхьащ мы Iэухум. Абыхэм пшыхьыр щIэщыгъуэ ящIащ. Ар екIуэкIащ гу хуабагъэрэ гуапагъэкlэ гъэнщIауэ. Студентхэм рассказхэм къытращыкIа теплъэгъуэхэмкIэ, гупсэхуу къызэджа усэхэмкlэ нэхъыщIэхэр щагъэгъуэзащ КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я гъащIэм, яку дэлъа ныбжьэгъугъэм. Пшыхьыр екIуэкIащ бзишымкIи - адыгэбзэкlэ, балъкъэрыбзэкlэ, урысыбзэкlэ.

КIыщокъуэ Алим и «Нал къута» романым къыхахыу студентхэм ягъэлъэгъуа теплъэгъуэр псоми гъэщIэгъэн ящыхьащ. Пшыхьым къеблагъа композитор ХьэIупэ Джабрэ Iуа КIыщокъуэм и романыр къыщыдэкIам щыгъуэ ар ягъэикIыну зэрыхэтаУ щытар ныбжьыщIэхэм яхуIуэтэжащ.

- Сэ сфIы дыдэу сцIыхуу щытащ усакIуээщхуитIри, абыхэм сатепсэлъыхькIи зызгъэнщIынукъым. Сропагэ Къэбэрдей-Балъкъэрым апхэудэ цIыху щэджащэхэр зэриIэм! Фэри зэгуэр къыфхэкIынкIэ хъунущ тхакIуэ, усакIуэ, - заухуигъэзащ абы ныбжьыщIэхэм.

- Дэракъым усакIуэхэр зыIэтыр. Езыхэм я творчествэмкIэ дэ лъагэ дащI. ЛъэпкъитIыр уахътыншэ дащIащ абыхэм! - къыхигъэщащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэScаныкъуэ Заринэ.

Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ музейм и унафэщI Кулиевэ ФатIимэ жиIащ илъэсыр КIыщокъуэ Алим ягъэлъапIэу къызэрыщIадзар, а тхакIуэшхуэм и илъэсищэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэкIи зэрызэхуащIыжынур.

Пшыхьым и кIуэным университетым и студентхэм тхылъхэр тыгъэ хуащIащ «Успех» центрым и гъэсэнхэм. Iуэхур зыгъэдэхахэм хуагъэфэщащ щIыхь тхылъхэр.

ТАУ Алёнэ.

ЗауэлI хахуэ Хьэмдэхъу Башир

Аруан районым хыхьэ Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм дэт мэкъумэш еджапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ фэеплъ пшыхь гуапэ. Ар теухуауэ щытащ Iуэхущапlэм зи цIэр зэрихьэ Хьэмдэхъу Башир къыззэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум. Абы къарагъэблагъащ Башир и къуэш нэхъыщIэ Мухьэмэд, и къуэ Сергей, и къуэрылъху Ирина, и къуэшым ипхъу Жаннэ сымэ. Хьэмдэхъуэ я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, къуажэм и нэхъыжьыфIхэр.

ЕДЖАПIЭМ и унафэщI Сэхъурокъуэ Анатолэ пшыхьыр къызэIуихри, кIэщIу къытеувыIащ пщIэ зыхуащI я къуажэгъуэм и гъащIэм. Къуажэм дэт курыт школыр екъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Башир щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ техникумым икIи 1935 гъэм еджэныр зэфIихащ, егъэджакIуэуи къуажэм къигъэзэжащ. Iэщlагъэ хъарзынэ зригъэгъуэтами, Башир зэрыщIыкIуэр щIэхъуэпсыр уэгум лъэтэну. Абы къыхэкIыу, зэрылажьэм хуэдэурэ, абы къишуащ Налшык дэта аэроклубыр икIи кхъухьлатэзехуэ Iэщlагъэр зригъэгъуэтащ. Абы и зэфIэкIхэм щыхигъэхъуащ кхъухьлатэ зезыгъакIуэхэр щагъэхьэзыру Краснодар дэт школым, Луганск дэт авиационнэ училищэм. ИужькIэ Хьэмдэхъум къулыкъу щищIащ Дзэ-Хьэуа Къарухэм.

- Авиацэ полкым и унафэщIу, зауэлI хахуэу щыта Башир бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэхэр къэралым гулъытэншэ ищIакъым. Абы къыхагъэфэщащ Бэракъ Плышъ орденыр тIу, «Совет Заполярьер зэрахъумам папщIэ», «Зауэ зэфIэкIхэм папщIэ» медалхэр. 1944 гъэм Хьэмдэхъум къратащ Ушаковым и орденым и 2-нэ нагъыщIэр, - къыхигъэщащ Сэхъурокъуэм. - 1973 гъэ лъандэрэ Хьэмдэхъу Башир и цIэр зэрехьэ ди мэкъумэш еджапIэм. Абы и егъэджакIуэхэри студентхэри ирогушхуэ икIи иропагэ лъэпкъылI щэджащэм и цIэр ди IэухущIапIэм къызэрыфIащам икIи дапщэщи хущIокъу абы хуэфащуэ зэрыщытыным. Хьэмдэхъу Башир и цIэкIэ дгъэува стипендиер худогъэфащэ ди студент нэхъыфIхэм.

Пшыхьым щыIуащ зауэм, лIыхъужьыгъэм, хахуагъэм теухуа уэрэдхэр, усэхэр. Абы къыщыпсэлъащ Хьэмдэхъум и Iыхьлыхэр, къекIуэлIакъэм Башир теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ ядэгуашэу. ХьэщIэхэр щыгъуазэ хуащIащ Хьэмдэхъум и цIыкIэ еджапIэм къызэрагъэпэща музейм щIэлъ хьэпшыпхэм. Хьэмдэхъуэ я лъэпкъым къыбгъэдэкIыу абыхэм фIыщIэ хуащIащ фэеплъ пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэм икIи зыпэрыт лжьыгъэм гукъыдэж къариту, екъулIэныгъэхэр яIэу куэдрэ узыншэу псэуну ехъэхуэуащ.

МЭШКIУАШЭ Анетэ.

• КъБР-м и прокуратурэм

ЗэуIуу лэжьыпхъэхэр

КъБР-м и прокурорым и япэ къуэдзэ Жекеев Алик иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щызэпкърахащ республикэм и цIыхухэр хущхьэхэкIэмкIэ къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэмрэ ныкъуэдыкъуэхэм лэжьапIэ къахудэхыным теухуа федеральнэ законодательствэр гъэзэщIа зэрыхъумрэ.

АБы хэтащ Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ министерствэхэм, Лэжьыгъэмкlэ къэрал инспекцэм я лIыкIуэхэр.

Зэхэхьэм щагъэбелджылащ цIыху хуэмыщIахэм лэжьыгъэмкlэ я хуитныгъэхэр яхъумэн, хущхьэхэкIхэмкlэ тэмэму къызэрагъэпэщын папщIэ, Iэнатlэхэм зэуIуу зэфIагъэкIыпхъэхэр.

• Футбол

Щэ фIахьащ, зэ текIуащ

Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм хыхьэ республикэхэм, крайхэм, областхэм я чемпионхэм я зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Азов къалэм щекIуэкIащ.

ЧЕМПИОНХЭМ я зэпеуэм хэтащ Владикавказ и «Автодор» (Осетие Ищхьэрэ - Алание), Нэзрэн и «Строймаркет» (Ингуш), Iэфыпс и «Iэфыпс-2» (Краснодар край), Сулин и «Донгаздобыча» (Ростов область) командхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэр яхъумащ 2014 гъэм ди республикэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуа икIи кубокыр зыIэрызыгъэхьа Кэнжэ къуажэм и футболистхэм.

Зэпеуэм и япэ джэгугъуэм кэнжэдэсхэм къащыпэщIэтащ Краснодар краймрэ хьихьэ Iэфыпс жылагъуэм и командэр. Я хьэрхуэрэгъуэхэм къыхудагъэкIа топ закъуэм и зэранкIэ ди щIалэхэр 0:1-уэ къыхагъэщащ.

ЕтIуанэ джэгугъуэми Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионхэм щыфIахьащ. Абыхэм 3:1-уэ къатекIуащ Владикавказ и «Автодор»-р.

КъыкIэлъыкIуэу Нэзрэн и «Строймаркет»-м 3:0-у бжыгъэшхуэкlэ зэрефIэкIам гугъэ ящIыгъуэ иджы «Кэнжэм» и Iэхуэхэр ефIэкIуэжыну. Арщхьэкlэ кIэуэ джэгугъуэм Сулин и «Донгаздобыча»-м 0:2-уэ къыщыхигъащIэри, ди щIалэхэм къахуэхьар еплIанэ увыпIэращ.

Ростов областым и командэр еянэу зэкIэлъхьэужу Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэм я чемпионхэм я зэхьэзэхуэм щытекIуащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Чемпионхэм я зэпеуэм кърикIуахэр

Командзэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Донгаздобыча» (Сулин)	4	3	1	0	9-4	10
2. «Автодор» (Владикавказ)	4	3	0	1	8-3	9
3. «IэфIыпс-2» (Iэфыпс)	4	2	1	1	6-3	7
4. «Кэнжэ» (Кэнжэ)	4	1	0	3	4-6	3
5. «Строймаркет» (Нэзрэн)	4	0	0	4	1-12	0

Налшык щIэпхъаджащIэу плIы щаукIащ

ДыгъэгъазэМ и 11-м Налшык къалэм и хьэблэхэм ящыщ зым къатитху хьуэу дэт псэупIэ унэм къыщащхьэрейхьа щIэпхъаджащIэхэр Iэщэ яIыгъыу хабзэхъуэм органэм къапэщIэуэзри, зэхэуэ гуащIэ екIуэкIащ. ИужькIэ, фэтэрыр къыщалпIыхьым наIуэ къэхъуащ абы щIэса бзаджащIиплIыр зэрауклар. Апхэудэу абы къыщагъэтащ автомату тIу, зы кIэрахъуэ, пэгуным игъэжьыхьа лагъым Iэрыщ1, и лъэщагъыр тротилым тещIыхьауэ килограмми 3 хуэдиз хъууэ. НэгъуэщI зы лагъым Iэрыщ1ыр лъэныкъуитIыр щызэхэуэм хуэащ.

ФСБ-м и Управленэу республикэм щыIэм зэрызэхигъэкIамкlэ, яукла щIэпхъаджащIэхэр елэжьырт ФСБ-мрэ МВД-мрэ я лэжьакIуэхэм я тIасхъэр къэхутэным. Абыхэм иужьрей фэтэрыр Гъунапкъэхъуэмэ управленэм и республикэ Iэхуущ1апIэм пэгъунэгъуу къыщащтат, абы щекIуэкIэхэм зэпымыууэ я нэIэ трагъэтын, иужькIэ террористщIэпхъаджагъэ ялэжьын папщIэ.

Зэхэуэм хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм щыщ е къызэрыгуэкI цIыху хэкIуэдакъым, фэбжьи ягъэтакъым.

Терроризм пэщIэтыныкIэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащIэ центр.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу хаха и депутатхэр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэтхэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат, «Урысей зэкъуэт» партым и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ зэхуакъ зэзыгъэуIу советым и унафэщI Iэмал къуетри. КъыхэбгъэщIэ, нобэрей си теплъэр «Пятый элемент» фильмым уэрэджьIакIуэу хэт Плавэ Лагунэ пэгъунэгъуу».

Зэпеуэм япэ увыпIэр къыщыхьащ Жыласэ Дианэ. ЕтIуанэ хъуащ Тэтрокъуэ Юлие. Ещанэ увыпIэр Беслъэней Залинэ хуагъэфэщащ. Абыхэм ираташ щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу хаха и депутатхэр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэтхэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат, «Урысей зэкъуэт» партым и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ зэхуакъ зэзыгъэуIу советым и унафэщI, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат **Щхьэгъуэш Адэлбий Лул и къуэм** хуогъэзавэ абы и адэ **Щхьэгъуэш Лул ФIыцIэ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэр, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iэхуэхэмкlэ управленэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат **Щхьэгъуэш Адэлбий Лул и къуэм** хуогъэзавэ абы и адэ **Щхьэгъуэш Лул ФIыцIэ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат **Щхьэгъуэш Адэлбий Лул и къуэм** хуогъэзавэ абы и адэ **Щхьэгъуэш Лул ФIыцIэ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр «Урысей зэкъуэт» партым и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ зэхуакъ зэзыгъэуIу советым и унафэщI, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат **Щхьэгъуэш Адэлбий Лул и къуэм** хуогъэзавэ абы и адэ **Щхьэгъуэш Лул ФIыцIэ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Таурыхъымрэ гъуэгу хабзэхэмрэ

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым иужьрейуэ игъэува «Светофорыр хэт къэзыдыгъуар?» сабий макъамэ спектаклир махуитIкIэ щагъэлъэгъуащ Налшык и Музыкэ театрым. Абы къраШэлIащ сабий садэм кIуэхэмрэ школхэм щеджэ нэхъ цIыкIу дыдэхэмрэ.

ПСЫСЭР гъэщIэгъуэну, удихьэхыу зэхэгъэуват. Iуэхур къыщекIуэкIыр мэзырти, абы щIэс псэущхьэхэрт лIыхъужь нэхъыщхьэ хъужри: мышцэр, тхьэкIумэкIыхьыр, кIэпхъыр, цыжьбанэр. Зэгъусэу абыхэм яубзыху гъэгум зэрыщызекIуэн хуей хабзэхэр икIи гурыIуэгъуэфIэу ахэр зыхуэдэр ныбжьыщIэхэм къыхуаIуатэ. Арщхьэкlэ, гъащIэми дызэрыщыхуэзэу, пэжым и телъхьэхэм Iэмал имыIэу зыгуэр къапэщIоувэ. Апхэудэу мы таурыхъми щыдолъагъу бажжьь цIыкIр. УэрамитIыр зэхэзыгъэкI светофорыр мэкIуэд, хьэкIэжхъуэкIэхэм ар къалъыхъуэу щIадзэ. Iуэхур зэхэгъэкIынырыр зи пщэ дзэлъхьэжа цIыкъбанэм хахуэу дыIуоплъэ. Долъагъу я лIыхъужьым чэнджэщкIэ дэIэпыкъуну я нэ къикIыу театрплъ цIыкIуэхэр зэрыпIейтейри...

Урыс драмэ театрым и артистхэм спектаклымкlэ цIыкIуэм куэд къырагъэщIащ, уеблэмэ гуапэт езы сабийхэри Iэджэм зэрыщыгъуазэр. Артистхэм я упщIэхэм абыхэм гуфIэжу жэуап иратырт.

«Светофорыр хэт къэзыдыгъуар?» спектаклыр зыгъэувар театрым и артисткэ Успаевэ Элеонорэщ, ар абы и япэ режиссёр лэжьыгъэщ. Аращ спектаклым щIэт макъамэхэр зытхари. Лэжьыгъэр дигу нэсыну къыщIэкIынтэкъым, утыкумрэ лIыхъужьхэм я фащэхэмрэ зыхуей хуэзауэ щымытамэ. Абыкlэ гугъу зрагъэхьащ сурэтыщIэху Бородина Эльвирэрэ Дэщырхъуей Рузаннэрэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр **Свириденкэ Татьянэ** *трихащ.*

• ЩIэ

Дахагъэм и лъапсэ

Сурэтыщ1 гъуэзджэхэмкlэ музейм. Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, щекIуэкIащ «Арт-визаж» зыфIащa сурэт гъэлъэгъуэныгъэр. Ар теухуат Бондарь Анастасие зи унафэщI, дахагъэмкlэ академиер къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищ зэрырикъум.

ВЫСТАВКЭМ хагъэхьащ дахагъэмкlэ академием и лэжьакIуэхэм я сурэт нэхъыфIхэр. Ахэр трахащ Акишинэ Василинэ,Ботэщ Расул, Сабинэ Толик сымэ, нэгъуэщIхэми. Дэтхэнэри щIэщыгъуэт, зи Iэдакъэ къыщIэкIам и зэчийр умыгъэщIэгъуэн пльэмыкIыу.

Налшык япэу щекIуэкIа мы зэхьэхэ гуапэм щыналъэм и стилистхэр - «Фэнтези», «Подиум», «Фэшн» зыфIащa лIэужьыгъуэхэмкlэ зэпеуащ.

Музейм и унафэщI Ащхъуэт Ритэ зэIущIэр къыщыдзэIуихым жиIащ пщащэ Iэпщ1эльапщIэхэм дахагъэр щытепщэ я лэжьыгъэхэм еплъыну зэхуэсахэм я нэ къызэрикIыр, сэхусэплъ зэкIужу зыхэлъхьэнри гъуазджэм и зы унэтIныныгъэхэм зэращыщыр, ар дэтхэнэ зыми фIыуэ къызэремыхъунлIэр.

Бондарь Анастасие къыхигъэщащ 2011 гъэм къызэIуаха «VIVID CONVERSION» зыфIащa я Iэхущ1апIэр пщащэ Iэпщ1эльапщIэу 150-м къызэрахар, абы щыщу 40-р егъэджакIуэ зэрыхъуар.

Зэпеуэм хэт пщащэхэр утыку къызэрихьамрэ абы я тепльэмрэ укIэлъыплъыну гъэщIагъуэнт. Хьыджэбзхэм ягъэльэгъуа бостейкэр, сэхусэплъ зыхэлъхьэкIэр махуэ къызэрыгуэкIым къезэгъырыкъым, абыхэм дызрагъэплъар я фантазиер ядынэсращ.

Ахэр къззыгъэльэгъуахэм ящыщ Къалэ Мадинэ жеIэ: «Моделу ущытыну гъэщIэгъуэнщ, теплъэ зэхуэмыдэхэр бгъэззщIэну Iэмал къуетри. КъыхэбгъэщIэ, нобэрей си теплъэр «Пятый элемент» фильмым уэрэджьIакIуэу хэт Плавэ Лагунэ пэгъунэгъуу».

Зэпеуэм япэ увыпIэр къыщыхьащ Жыласэ Дианэ. ЕтIуанэ хъуащ Тэтрокъуэ Юлие. Ещанэ увыпIэр Беслъэней Залинэ хуагъэфэщащ. Абыхэм ираташ щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Телъыджэ

Джэмыкъуэ Тамбий и зэфІэкІ

Илъэс 16 зи ныбжь Джэмыкъуэ (Асад) Тамбий Сириеи щыпсэу адыгэхэм ящыщщ. А къэралым щекІуэкІ зауэм илъэсиитІ и пэкІэ къырихужьащ щІалэ цІыкІум и унагъуэр. Джэмыкъуэхэ Тыркум Іэпхъуэри, Бурсэ къалэм дэтІысхьащ. Тамбий музыкэ зэчий къыхэзрымыкІуэ бгъэдэлъщ, макъамэ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэм йоуэф, нэхъыщхьэу ди гуапэ хъуаращи, адыгэ пшынэр дахэу егъэбзэрабзэ.

ЗАХУАГЪЭМРЭ зыужьыныгъэмкІэ партым и фракцэу Тырку Парламентым щыІэм хэт депутат Услу Зейнел Карахан и фІыгъэкІэ, Джэмыкъуэ Тамбий зы жэщым къриубыдэу Тыркум и гражданствэр къратри, хамэ къэрал узэрыкІуэ хъун паспорти хуащІащ. Апхуэдэу щІащІам и щхьэусыгъуэр Урысейм щекІуэкІ дунейпсо зэхьэзэхуэм Тыркум къыбгъэдэкІыу Джэмыкъуэ Тамбий къагъэкІуэн папщІэщ.

А Іуэхур къезыхьэжьахэм ядиыгъащ Тыркум и президент Эрдоганэ Реджеп Тайипи. Тамбий и хьэрып унэцІэ Асадыр и адэшхуэхэм я унэцІэ ДжэмыкъуэмкІэ хуахъуэжри, Санкт-Петербург щекІуэкІыну makъaмэ зэхьэзэхуэм къагъэкІуащ.

Тамбий щеджэ, Бурсэ къалэм дэт Музыкэ академием и унафэщІ Авджы Рустем жиІащ 1864 гъэм Кавказым ирахуауэ щыта адыгэхэм я щІэблэ щІалэм и унэцІэр къызэрыштэжар. «Дэ ауи дыгугъэхэрэтхьэм а зэпеуэм дыкІуэфыну. Апхуэдэ пІалъэ кІэщІым къриубыдэу Тыркум и цІыху ухъуу, паспорт къыдэпхыныр фІэщащІыгъуейт. Апхуэдэ иджы япэу къыщыхъуауэ аращ Тыркум. Пэжщ, нэхъапэми тырку гражданствэр псынщІэу зратаи щыІащ, ауэ зы жэщым а уэхур щызэфІэкІа зэхэсхакъым. Апхуэдэ къыщыхъуэр кинорауэ си гугъэт».

Езы Джэмыкъуэ Тамбий Тыркум и президентыр къепсэльащ: «Сэ хуабжьу си гуапэ хъуат икІи сыщыгуфыкІат президентыр си деж къыщыпсэльам. Абы къызжиІащ къэралым и цІыху сызэрыхъуамкІэ унафэм Іэ зэрыщІидзар. Апхуэдэуи къыхигъэщащ иджы Тыркур хэку зэрысхуэхъуар, дяпэкІи нэхъыфІыжу сызэрылажьэнур и фІэщ зэрыхъур. Сэ фІыщІэ хуэсщІащ Эрдоганэ Реджеп Тайип икІи си пщІэ къыдэхуа жэуапІыныгъэм и инагъыр зыхызощІэ. ДяпэкІи зэпеуэ куэдым сыхэтыну, пашэ сыщыхъуну согугъэ».

Джэмыкъуэ Тамбий нэхъапэм щытекІуащ Нью-Джерси (США) щекІуэкІа видеоэпеуэм. Абы къыдолажьэ Чекич Еленэ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Тамбий, и адэ-анэр и гъусэу.

● Шхыныгъуэхэр

Шатэпскіэ гъэбэхъа джэдыщІэ

Джэд гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпкърах, хьэкъущыкъу лам ираІухьэ, шыгу трагъэщащэ, фІыуэ зэІащІэри, и щхьэр тепІауэ щагъэт. АпщІондэжу шыуаным ит тхъу къэплъам Іупщі Іэ цІыкІуурэ бжьыныху халъхьэ, зэІащІэурэ мафІэ цІыкІэри тегъэпылбжьэ. Тхъуэплъ мэхъу щІакІэм, шыбжий плъыжь сыр хьэжа хадзэри зэІащІэурэ зы дакъикъэ хуэдэкІэ ягъэлыбжьэ. Абы джэдыл шыуар халъхьэ, зэІащІэурэ шащхьэ щІакІэ, и щхьэр трапІэри хьэзыр хъуху ягъэбзэкъ, мафІэ щабэм тету. Хьэзыр хъуа ерыскъым джэдгъи траудэ, и щхьэр трапІэжри дакъикъэ зытхуххІэ щагъэт. ЗэрызэщІэлъу тепщэчым ираІухьэри, пщтыру ящх. Пластэ, чыржын, мэжаджэ, хьэлІамэ, щІакхъуэ дашх. Хьэуатщ, Іэфщ, гурыхьщ. Шатащхьэ щІакІари шыпсым ещхьу щІэтщ.

***Халъхьэхэр (цІыхуитІ ныхьэ)*:**
джэдылу - грамм 500,
тхъууэ - грамм 40,
бжьыныху укъэбзауэ - грамм 30,
шащхьэу - грамм 350-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Хьэцыбанэпсрэ форэ

Ар хуабжьу сэбэпщ зи тхьэмщІыгъу, зигу узэкмкІэ, витаминкІи къулейщ. Хьэцыбанэр зэхащІыпыкІ, ятхьэщІ, псывэ щІакІэри ягъавэ, къыщІэвыкІар языж. Хьэцыбанэпс зам фо хакІэри фІыуэ зэІащІэж, и щхьэр ягъэбыдэри щІыпІэ-кІыфІыпІэм ягъэув. ГунэщІу махуэм щ.ф ираф. ФокІэ зэхэщІа хьэцыбанэпсым бжэныш зэкпкІэмэ, зи бгъэм щІыІэ хыхьахэм я дежкІэ хущхьэфІщ. Апхуэдэр Іэгубжэ изурэ махуэм щ.ф ираф.

***Халъхьэхэр*:**
хьэцыбанэу - грамм 250-рэ
фоуэ - грамм 50
шэ хэтмэ:
хьэцыбанэпсу - грамм 250-рэ
фоуэ - грамм 100
шэуэ - грамм 250-рэ

КЪУБАТИЙ Борис.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ зауэлІ.
Сурэтыр **Орловский Александр** *ищІащ. 1830 гъэ*

● Хъыбар

Абыхэм я уэгур вагъуэхэм ягъэнэху

Унагъуэ къулей гуэрым я лІым и къуэ цІыкІур къыздищтэри, къуэжэ пхыдзэм кІуат, къулейсыхэр зэрыпсэур иригъэлъагъун мурадкІэ. Унагъуэ хуэмыщІа гуэрым я фермэ цІыкІум зы жэщ-махуэ щагъэкІуащ зэадзэзкъуэм. Унэм къэкІуэжа нэужь, адэр къуэм иоупщІ:

- Дауэ къыпщыхъуа ди «зекІуэр»?

- Хуабжьу сигу ирихьащ, си адэ.

- КъыбгурыІуа иджы къулейсыхэм я псэукІэр зыхуэдэр?

- АтІэ.

- Сыт хуэдэ дерс атІэ кьыхэпхар?

Къуэм жэуапу итащ:

- Сэ слъэгъуащ дэ зы хьэфІэкІа дызэримыІэр, абыхэм я фермэм хьэшхуипІ тетщ. Ди жыг хадэм псыгъэ итщ, абыхэм гъунэ зимыІэ псыхъумапІэ инЯщ. Ди хадэм уэздыгъэ зэкІыщоблэ, абыхэм я уэгур вагъуэ мелуанхэм ягъэнэху. Дэ пщІантІэ дагъуэ диІэщ, абыхэм я щІэм и нэзым унэплъысыфыркъым.

Адэм и къуэм и жэуапр зэхиха нэужь, и бзэр иубыдат.

Къуэм къыпищащ:

- Упсэу, си адэ, къулейкэм-рэ тхьэмыщкІэхэмрэ я псэукІэр зэхуэзгъэдэну Іэмал къызэрызэптам щхьэкІэ.

Адэр егупсысащ: «Пэжщ, «къулеягъым» къызэщІиубыдэр зэщхьэщокІ, ар къызгурызыгъэІуар си къуэращ».

Зззыдзэкіар
ДОХЪУШОКЪУЭ Синэщ.

● Псалъэ пэжхэр

УнафэщІыр щыкуэдым унафэр щокІуэд

♦**Унафэр, хьэфэм хуэдэу, дэнэкІэ ухуейми пшэфу щытын хуейкъым.**
♦**Іэбжьанэ здэщІыІэм лъэбжьани щыІэщ.**
♦**Зи шэр кІэримысхьэр унэгуащэщи, зи пІастэр кІэрисхьар уэрам гуащэщ.**
♦**ГушыІэкІэ зымыщІэр псалъэкІэ мауэ.**
♦**ЩІым щІамытІэф, псалъэ къыщинэмыщІа, щыІэкъым.**
♦**Акъылым и пэ бзэгур илъэдамэ, Іуэхур зэІыхьапауэ бжы.**
♦**УнафэщІыр щыкуэдым унафэ тэмэмыр щокІуэд.**
♦**Сэр нэхъ делэ къысхуэмызэмэ, хэти сыщышынэркъым.**
♦**МылъКу зэхуэлъэфэсыным щІыхуэри щІыхугъэри фІигъэкІуэдат.**
♦**Бэдзым и хъым уимыхуэн щхьэкІэ, ипэкІэ уплъэурэ зекІуэ.**
♦**Укъэзылъагъуну хуей щІыхур, жыжьэу щытми, кІоокІуатэри, укъэзылъагъуну хуэмейр гъунэгъуу щытми Іуокіуэт.**
♦**Зыгуэр хуэныкъуэу къэмыхъуам гукъеуэ щыІэу ищІэркъым.**
♦**Іей гуэр къыбдэзыщІэр ижэгъу умыщІи нэхъыфІщ.**
♦**Сыт хуэдэ узми удэмыджэгу, ар къыбдэджэгуну къэкІуакъым.**
♦**Іуамыхыф Іункіыбзэ щыІэкъым.**

КІУРАШЫН Алий.
ХьэтІохъуцыкъуей къуажэ

● Цыхухэ, фІыуэ фызолъагъу

Гуапагъ ткІуэпсхэр

Апхуэдэу зыфІэсща тхыгъэ кІэщІхэм нэІуасэ фахуэощІ. Мыхэр ткІуэпс хуэдизщ зэрыхъур, уэсэпс къабзэм хуэдэщ. Зэгуэр седжауэ, е зыбару зэхэсхауэ, е слъэгъуауэ щытащ къэсІуатэ гупсысэхэр.

Япэ гукъэкІыж: «Си пщащэгъум сригъусэу тыкуэнышхуэм дыщІэтт. Хьэпшыпхэр щагъэльагъуэ джэгу-зэпеуэм дыхэту зэрыджэгу хьэпшып цІыкІу зырыз къытхуагъэфащат. Тыкуэным дыкъыщыщІэкІыжьым зи щхьэр тэмэму мылажьэ зы щІалэ сымаджэ цІыкІу, и адэр и гъусэу, къыщытптьагъум, си пщащэгъумрэ сэрэ къыдатар сабийм хуэтшинщ. ЩІалэ цІыкІум «упсэу» къыджиІащ. Ар зэхэзыха и адэр къэуІэбжьащ, и нэпсхэр къыфІекІуащ.

КъызэрыщІэкІымкІэ, щІалэ цІыкІур икІи псалъэртэкъым - и бзэ иубыдар къиутІыпщыжат».

ЕтІуанэ гукъэкІыж: «Зы пщэдджыжь гуэрым ди унэм сыкъэкІуэжырт. Къат куэду зэтет ди унэ щІыхьэпІэм хъыбарегъащІэ тхыгъэ фІэлъу сыкъеджащ: «ПщІэ зыхуэсщІ гъунэгъуэ! Нобэ сыхьэти 9-м деж мы къыщІыхьэпІэм пэблагъэу соми 120-рэ сфІэкІуэдащ. КхъыІэ, зыгуэркІэ къэвгъуэтауэ щытмэ, ахъшэ тІэкІур 76-нэ фэтэрым къысхущІэфхьэж. Пенсэу къэралым къызитыр сом 3640-рэщ».

Си жыпым бохъшэр къисхри, соми 120-рэ къыхэзбжыкІащ. 76-нэ фэтэрым сыІухьэу сытеуІуа нэужь, кІэпхын зыІулъ нанэм бжэр къысхуІуихащ. Ахъшэр хуэсшийуэ сыкъызэрилъагъуу Іэпілъ къысхуищІу щидзащ, и нэпсхэр къыфІекІуэу. «Хьэжьгъэ къэсщэхуну тыкуэным сыкІуат. СыкъыщыкІуэжьым, си жыпым Іункіыбзэр къисхыну сиІэбат, абдеж щыскІэрыхуауэ къыщІэкІынщ ахъшэ тІэкІур», - жиІащ бзылъхугъэм.

Згъэхьэзыра ахъшэр хузошийри, ауи сІихьи идэркъым. КъызэрыщІэкІамкІэ, нанэ цІыкІум ахъшэр «къыхуэзыгъэтыжахэм» сэ сраехэнат. ЦІыхухэ, къэбзэрдейхэм зэрыжаІэу, сэ «фІы Іейуэ» фызолъагъур апхуэдэу фызэрыщытым щхьэкІэ!!!».

УЭХЪУТЭ Александр.
Черкесск къалэ

● Сабийхэм папщІэ

Зэдэлъхузэшыпхъур

ХъумпІэцІэдж анэр нэжэгужэу пщафІэрт. Ар зэзэмызэ къахуеплъэкІырт утыкум джэгуу ис цІыкІуитІым. Зызыгъэгуэрей, адэм ипхъу гъэфІам тхылъ цІыкІум ит суратхэр зэпипльыхьырт. Машинэм ириджэгу щІалэ цІыкІури абы гумызагъэу хуеплъэкІырт, щхьэ естат си тхылъыр, зэфІимытхъащэрэт, жыхуиІэу.

Анэр шыгъуэлъэ Іэбэу, игу къэкІыжащ ар зэрынэщІыр. «Аууей, шыгъу къэсщэхуну аргуэру къысщыгъупщащ. Гъунэгъум зэ къеІысхащ, тхъэ афІэкІа семылъэІуфыну. ЦІыкІуэми я закъуэ къыщІэнэну дауэ сыщІэкІын? Шыгъуи симыІэу хъунукъым. Тыкуэныр мобдежщ, сыхьэт ныкъуэкІэ сыкъэсыжынщ. Дахэ щІыкІуу щІэсынхэу згъэІущынщ».

- И, си къуэ нэху, шыгъухъэ тыкуэным сымыкІуэу хъунукъым. Сыкъэсыжыху уи шыпхъум кІэлъыплъ. Сэ зызгъэгувэнкъым.

- КІуэ, мамэ. Дэ дыщІэсыфынущ. Умыгузавэ уэ, - кьепсэльащ ТІопІэ, и щхьэр къиІэтри. - Сэ инышхуэ сыхъуати, пщІэжкъэ? - жиІэми, ар зэрышынэм пцІы хэлъэтэкъым.

- Ыхьы, иджы ди закъуэщи, дахэ цІыкІуу дыщІэсынщ, ІэфІ цІыкІу. (Адэр и пхъум зэрелдэж гъэфІагъыщІэр сэ ымы къыжьэдэхущ.) ИІэ, къэрэндащ зэмыфэгъуэхэр къэдгъащти, - тхылъым ит сурэтхэр дыгъэлэж.

Хъыджэбз цІыкІуми жыІэдАІуэу жэщ, къэрэндащхэмрэ тхылъ цІыкІумрэ къыщтэри, тІури стІолым бгъэдэтІысхьащ.

- Сэ хъыджэбз цІыкІуэр зэрытыр къэсщтэнуц, - ІэфІ цІыкІу и щхьэр екъэхыпауэ егугъупэу сурэтхэр илэжу, тетхыхьыжу щІидзэу.

- Содэ арами, - арэзы хъуащ дэлъхур.

Сурэтхэм я гъусэу зи Іэпхъуамбэ цІыкІухэри къэрэндащкІэ зэхэзыгтхыхьыжа ТІопІэ абы здеплъым и гум къэкІащ: «Си шыпхъу цІыкІур зэзэмызэ згъагъми, фІыщэу солъагъури, сытри хуэсщІэфынущ. Плъагъуркъэ, ди закъуэщи, къызодаІуэ. Иджыпсту а щхьэ бацэ цІыкІур идыгъуну гъуэм зы хьэпІащІэжь къыпщхьатэмэ, сэ сымышынэу баШыр къэспхъуэтэнурэ, сезауэурэ щІэсхужынут. Си шыпхъу цІыкІум сыкъызэрыщхьэщыжам папщІэ папи мами гуфІэнут, инышхуэ сыхъуауэ, лІыгъэ схэлъу жаІэнут. ИтІанэ ди благъэхэми гъунэгъухэми ар зэхахьнурэ, къысщытхъунут. Папэ къыжиІэжа таурыхъым хэт лІым и хьэзырылъэм иригъэІысхьа хъумпІэцІэджым, абы ІэмалкІи акъылкІи текІуэжам, ещхьу цІэрыІуэ сыхъунут. Е щакІуэм и лъакъуэм едзакъэу тхъэрыкъуэр къезыгъэла цІыкІум хуэдэу си хъыбарыр псоми зэхахынут. Сеуэнщи, башыр, хэт ищІэрэ, гъунэгъуу къэзгъэхьэзырынщ...» - кьигупсысахэр игу ирихьжауэ имыщІэххэу ар Іурихащ.

Анэр унэм къыщыщІыхьэжам, я щхьэ цІыкІухэр стІолым тегъэщІауэ цІыкІуитІри жейт.

Нэбэнэущэу ТІопІэ зыхэщІащ анэм къиІэтауэ пІэм зэригъэгъуэльэр. И щхьэр къиІэтмэ, лъэпагъым ІэфІ дыдэу Іурихауэ и шыпхъу гъэфІэн цІыкІури къиалъ.

ТІопІэ пыгуфІыкІщ, анэм быдэу ІэпІлЭ хуищІри, зигъаээри жеящ.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.


Тамбий, и адэ-анэр и гъусэу.

● Хъыбар

Абыхэм я уэгур вагъуэхэм ягъэнэху

Унагъуэ къулей гуэрым я лІым и къуэ цІыкІур къыздищтэри, къуэжэ пхыдзэм кІуат, къулейсыхэр зэрыпсэур иригъэлъагъун мурадкІэ. Унагъуэ хуэмыщІа гуэрым я фермэ цІыкІум зы жэщ-махуэ щагъэкІуащ зэадзэзкъуэм. Унэм къэкІуэжа нэужь, адэр къуэм иоупщІ:

- Дауэ къыпщыхъуа ди «зекІуэр»?

- Хуабжьу сигу ирихьащ, си адэ.

- КъыбгурыІуа иджы къулейсыхэм я псэукІэр зыхуэдэр?

- АтІэ.

- Сыт хуэдэ дерс атІэ кьыхэпхар?

Къуэм жэуапу итащ:

- Сэ слъэгъуащ дэ зы хьэфІэкІа дызэримыІэр, абыхэм я фермэм хьэшхуипІ тетщ. Ди жыг хадэм псыгъэ итщ, абыхэм ягъэнэху зимыІэ псыхъумапІэ инЯщ. Ди хадэм уэздыгъэ зэкІыщоблэ, абыхэм я уэгур вагъуэ мелуанхэм ягъэнэху. Дэ пщІантІэ дагъуэ диІэщ, абыхэм я щІэм и нэзым унэплъысыфыркъым.

Адэм и къуэм и жэуапр зэхиха нэужь, и бзэр иубыдат.

Къуэм къыпищащ:

- Упсэу, си адэ, къулейкэм-рэ тхьэмыщкІэхэмрэ я псэукІэр зэхуэзгъэдэну Іэмал къызэрызэптам щхьэкІэ.

Адэр егупсысащ: «Пэжщ, «къулеягъым» къызэщІиубыдэр зэщхьэщокІ, ар къызгурызыгъэІуар си къуэращ».

Зззыдзэкіар
ДОХЪУШОКЪУЭ Синэщ.

● Интернетым дыкъыщоджэ

ТхылъымпІэ хужь

Егъэджакіуэм тхылъымпІэ напэ хужьым и кум кІэІунэ (точка) фІыщІэ иригъэувэри, еджакіуэхэм яригъэлъэгъуащ:

- Сыт фЛъагъур?

- КІэІунэ, - жиІащ зым.

- КІэІунэ фІыцІэ, - жиІащ адрейм.

- КІэІунэ фІыцІэшхуэ, - къэкІиящ ещанэр.

- Фэ псоми флъэгъуар кІэІунэ цІыкІуращ, мы тхылъымпІэ хужьышхуэм зыми гу лъыфтакъым, - жиІащ егъэджакіуэм. - Ар ещхьщ цІыхум, и фІагъым гу лъыдмытэу, и дагъуэр ди нэм занщІэу къызэрыІуидзэм.

Зззыдзэкіар **ГЪУЭТ Синэщ.**

● Ди сурэтхэр

Адыгэ зауэлІ.
Сурэтыр **Орловский Александр** *ищІащ. 1830 гъэ*

Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу*: 5**. Делэм... и щІасэщ. **6**. Бадзэм щхьэкІэ жаІэ: «Гъэмахуэм мэдыд, щІымахуэм ...». **9**. Хадзэкі. **10**. Шым и «вакъэ». **12**. Хьэкъущыкъу. **15**.Ди щІынальэм куэду къыщыкІ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цІыкІу. **16**. МахуэцІэ. **17**. Адыгэ таурыхъэм узыщрихьэлІэ фызыжьэ бзаджэ цІыкІу. **18**. Хьэ ... умыукІ, фыз ... иумыгъэкІыж. **19**. Зи бзэр Іэфі ... мэлитІым щІоф. **21**. Зи мыхьэпшып щэхуу зыгъэкІуасэ. **24**. Хадзкэкі. **25**. Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ нобэрей ... **26**. ЦІыху Іэл, гущІэгъунщэ. **29**. Лым сабий нэхъ цІыкІуэр зэреджэр. **30**. Псыежэхым, районым я цІэ. **32**. Псэхэльхьэж. **33**. ... гъущэрылърэ фыз игъэплъа лІырэ. **34**. НэгъуэщІым ипщэфІар зримыпэсу, хьэлыншэу зызыщІ. **36**. Уафэм къех мыл тыкъыр цІыкІу. **39**. Гъатхэм пасэу къэгъагъэ удз шакъафэкъащхъуафэ цІыкІу, Щоджэнцыкіу Алий и усэхэм щигъафІэу щытауэ. **40**. Кулсэ кІыхь зиІэ удз сыр. ЦІыхум яшх. **42**. Фадэ гуащІэ. **43**. Адыгэ Республикэм и ІапІ президент ... Асльэн. **44**. ... щІэгъэй.

***Къехьу*: 1**. ... нэ ирещІ. **2**. Ильэс зыТІу зи ныбжь шыщІэхъу мыгъасэ. **3**. ЩІымахуэм гъуэгухэр ... мэхъу, къыщІыпкІухькІэ сакъыпхъэщ. **4**. КІыщокъуэ Алим и поэмэ. **7**. Адыгэ лъэпкъ. **8**. Лъэгум щыщу щІым лъэмыІэсыр. **11**. Пасэрей зауэлІ дженэ. **13**. Нартхэм я гъуклІэ. **14**. Дунейм ехьжам и щІэкІэ къулейсыхэм ират ахъшэ. **20**. Совет Союзым и ЛІыхъужь, къъухьлъатэзехуэу щыта Къуэныкъуэят ... **22**. БампІэм узригъэувэ щытыкІэ. **23**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар фом нэхърэ нэхъ Іэфщ. **27**. Мэлбахъуэ Тимборэ и ныпым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарэу щыта. **28**. НэгъуэщІым фІы къехъулІэу зыфІэмыфІ. **30**. Кхъуей ... е бжьыныху ... **31**. Бгым и бгъуэщІ. **35**. ... - ..., мыщэ лъэбыцэжь. **37**. Ныпышхуэ. **38**. Къэп цІыкІу. **40**. ІэмыкІуэлъэмыкІуэ. **41**. Щоджэнцыкіу Алий и щІэиныр ... зимыІэ хьугъуэфІыгъуэщ.

Зззызылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Дыгъэгъазэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр*:**
***ЕкІуэкІыу*: 3**. КъуэншІэ. **8**. УнэІут. **9**. ШэмэдЖ. **11**. Умэ. **12**. ЩыІгу. **15**. Абдж. **16**. «Нур». **17**. Курыт. **19**. Банэ. **22**. Бахъуэ. **23**. Мастэ. **24**. Пхъэх. **27**. Сурэ. **28**. Ригэ. **29**. Мэкъу. **31**. Псы. **32**. Топ. **34**. Жэм. **35**. Псафэ. **36**. Лагъым. **38**. Амдэч.
***Къехьу*: 1**. Бу. **2**. Шэрэдж. **4**. Ахъшэ. **5**. ЩІопщ. **6**. Амман. **7**. Удж. **10**. Багъэбдзумэ. **11**. Уэркъ. **13**. Гуанэ. **14**. Ирапхакъым. **18**. ТхакІуэ. **19**. Батыр. **20**. Пхъужь. **21**. Пхъы. **25**. Журт. **26**. Бгым. **30**. Къургъакъ. **31**. Пщагъэ. **33**. Псым. **34**. Жьылэ. **35**. Пхъу. **37**. Мы.

Гизэ щыІэ пирамидэхэр

Пирамидэхэмрэ адыгэ пщащэмрэ

Хатшепсут и тхъэлъэІуплэр

Аль-Азхар мэжджытыр

Египет музейр

Вавилон быдапІэр

Каир. Адыгэ мамлюк сулътІан Къаит-Бей и мэжджытыр

●Гъуэгуанэ жыжьэхэр

КЪАРЕЙ Элинэ: Си адэшхуэми зэрыжиІауэ, пирамидэхэр слъэгъуащ!

***Ди газетым иужьрей тхьэмахуэ зыпІум тедзэ сурэтхэмкІэ щыгъуазэ фыщІащ «Адыгэ псалъэм» и сурэтех Къарей Элинэ Мысырым зэрыщыІам, абы и къарадзкъэ зэрызригъэлъэгъуам, ухуэныгъэ екъэжьахэмрэ дунейм и тельыджыблым хиубыдэ щІыпІэ дахэхэмрэ сурэт зэрыгрихам. Ди лэжьэгъум пирамидэхэм я къэралым щилъэгъуэхэм, абы ис цІыхухэр къызэрыщыхъуам, урысей туристхэр нэхъыбэ дыдэу здэкІуэ Африкэ къэралыгъуэм узэрыдихьэхым, илъэс псом и хъуреягъкІэ зыщыбгъэпскІ, дыгъэ зыщебгъэу зэрыхъум, нэгъэщІхэми тедгъэпсэлъыхьам Элинэ, къыздихьа сурэтхэми дыхэплъащи, ди гуапэу аэри фи пащхьэ идолъхьэ.**

- Элинэ, Мысырыр жыжьэу зыщІыху дэтхэнэ зыми фІэгъэщІэгъуэныр, дауи, Хеопс, Хефрен, Микерин сымэ я цІэхэр зезыхьэ пирамидэхэрщ, хьумакІуэ пэльытэу абыхэм я лъабжьэм кІэщІэс Сфинкс скульптурэрщ.

- Пэжщ, дыщыпсэу планетэм щыцІэрыІуэхэм ящыщщ пирамидэхэр. Сэри ззэгъэлъэгъащ ахэр! Гизэ къалэм и зы губгъуэшхэр итщ ахэр. Хеопс и пирамидэращ Мысырым нэхъ ин дыдэу щыІэр. Ар щаухуагъащІэм и лъагагъыр метри 146-м щІигъуу щытащ, иджыпсту метри 9-кІэ нэхъ лъахъшэ хъуащ. Абыхэм ГънэгъуУ ущыту ущеплъкІэ, богъэщІагъуэ ар щІыхум и Іэдакъэ къыззыщІэкІар. ЕтІуанэ пирамидэр фирхьэунэ Хефрен, Хеопс и къуам, ейращ. Мыр адэм ейр ящІу, илъэс 40 дэкІыжа нэмыщІ щаухуар. Хефрен и пирамидэр нэхъ ин хуэдэу къыпщохъу щеплъкІэ, ауэ ар метрипщІкІэ нэхъ лъахъшэщ. Хеопс и къуэрылъху Микерин и пирамидэращ ецанэр. Ар зыкъомкІэ щхьэ цІыкІущ, и лъагагъыр метр 62-рэ хьужу аращ. Микерин и пирамидэращ фирхьэунэхэм щыдэу хуаухуар. Дуней псом щынэхъ ин скульптурэхэм ящыщщ Сфинкс. Ар гъэщІэгъуэнщ зэпэпплъыхьыну...

Си адэшхуэр илъэс бжыгъэ куэд и пэкІэ Мысырым щыІэуэ щытащ. А лъэхъэнэм абы кІуэ псоми ди къэралым щамыгъуэт, СССР-м щылъапІэ хьэпшыпхэр кърахыр. Зыри имыйгъыу къэкІуэжат си адэшхуэри, си анэшхуэр еупщІащ:

- Абы нэс укІуаУэ, зыри къыуимыбу щхьэ укъэкІуэжа?

- Зыри къэзмыхьами, пирамидэхэр слъэгъуащ! - жиІауэ щытащ си адэшхуэм. Мис аращ турист куэд я къэралым щІэкІуэр. Сэри слъэгъащ пирамидэхэр, ззэгъэщІащ а къэралым и щыІэкІэ-псэукІэр, и щэнхабзэр зыкуэдзэр...

- Иубыд щыналъэм щыщу процент ти 5-м фІэкІа цІыхур щымыпсэу, адрей процент 95-р къум къэралыр дауэ къыпщыхъуа?

- Ди дежкІэ щыІэтыІэ хъуа щхьэкІэ, сэ сфІэфІ хуабэм, дыгъэм я гуащІэгъуэ дыдэт. Мысырыр зэрыщытым хуэдэу зэбгъэльагъэнумэ, абы и щыпІэ нэхъ дахэхэр, цІэрыІуэхэр зэбгъэцІыхунумэ, махуэхэр зэрыбгъэкІуэнр къызыхуэтыншэу бубзыхуу, гъуэгуанэхэр къыхэпхын хуейщ. Хы Іуфэм дыгъэ зедгъэууэ дыІуПъыныр тфІэзэшыгъуэти, ялэщІыкІэ Асуан къыщыщІэддзащ, Луксор, Александриеу, ухуэныгъэ инхэр здэщІыІэ нэгъуэщІ къалэхэм зыщыгтПлъыхьащ.

Дыкъыщыуыбыар, дыщыпсэуар Африкэм и къалэ нэхъ ин дыдэ, Мысырым и къалащхьэ Каирщ. Ар Мысырым и ищхьэрэ лъэныкъуэмкІэ щыІэщ, Нил и Іуфэ Іусу. Зыплъыхьын къыщыщІэддзэр нэхъ пасэ дыдэм ящІа тхъэлъэІуплэхэр, гуэл Іэрыщ нэхъ ин дыдэр, Асуан псыІущІэ иныр здэщыІэ, къалэ нэхъ хуабэу ялъытэ Асуанщ. Абы къалэкур мыхъуу, хьтІыгу щыкІу иІэти, абы тет хьэщІэщым дыкъыщыуыбыІащ, къэухькІэ фІэкІа уемыкІуэлІэфу. ГъэщІэгъэнт а щІыпІэр, псы нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Нилым ухэпльэрт, пщэдджыжь дыгъэ къыкъуэкІыгъэмрэ пщыхьэщхьэ къухьэжыгъэмрэ сурэт щІам хуэдэу дахэт, къалэр уи Іэмыщ1э илъым хуэдэу уІуплъэрт.

Асуан и гъунэгъу зыплъыхьыпІэхэм ящыщу ялэу къэхтхэр Абу Симбелщ. Пщэдджыжьым сыхьэти 4-м дашэщ, зыптлъыхьри, сыхьэти 10-м дыкъыкІыжащ къумым. Махуэр абы щыбгъэкІуэнкІэ Іэмал иІэтэкъым - хуабэр градус 40-м нэсыт, гъэмахуэм нэхъыбэжщ. Къапщтэмэ, Мысырым ЩІыпІэ щыхъунур жэпэгъуэм и кІэхэмрэ щэкІуэгъуэм и пэхэмрэщ. Мыбы щыІэ тхъэлъэІуплэхэр тІу мэхъу - Инрэ ЦІыкІурэ. Рамзес II и лъэхъэнэм яуха члисэхэм я нэхъ иныр хьэтхэм щеззуам хуэгъэпсащ. Абы и ужьыорабгъымкІэ къыщыуІуащ нэхъ цІыкІур, ар тхьэгъащэ Хатхор ейщ. Абыхэм я щІыхьэпІэм фирхьэунхэм, зауэм и тхьэхэм я скульптурэхэр къыхэІущІыкІащ.

Асуан нэхъ гъэщІэгъуэну щытлъэгъуаХэм ящыщщ Нил псыІущІапІэр. Ар щаухуэм Мысырым дэІэпыкъуэуэ щытащ ди къэралыр - Совет Союзыр. Нэхъыщхьэ дыдэу абы щызэбгъэльагъун хуейр Насер гуэлращ. Пэж дыдэу, телъыджщ ар, къумым и курыкупсэм гуэл домбей итщ. ГуэлІэрыщІхэм я нэхъ ину щалъытэ ар дуней псом - километр 510-рэ и кІыхьагъщ, километр 35-рэ и бгъуагъщ. А псым псэущхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр хэсщ, къищынэмыщІауэ, и хъуреягъым хьэкІэжъхъуэкІэхэр щопсэу, апхуэдэуи Мысырым абдеж и закъуэщ благъуэ узыщІрихьэлІэр.

Асуан нэхъыбэу щыпсэур нубийхэращ. Езыхэм я бзэ, я щэнхабзэ яІажщ. ЗыщІэс унэхэр мыину, лэч щхьэжкІэплъыкІэхэмкІэ лауэ апхуэдэщ. Псоми хьэпшып цІыкІуфэкІухэр яхуощІри, ахэр туристхэм гъэгущхьэхэм щращэ, аращ зэрыпсэури.

- Апхуэдиз тхъэлъэІуплэхэр щаухуэ лъэхъэнэм Мысырым нэхърэ нэхъ лъэщрэ нэхъ бейрэ щыІауэ къыщІэкІынукъым. ДэнэкІэ умыгъаззэми, узэплъынрэ тхыдэм къыхэна хъыбару уздзэІуэнрэ и куэдщ...

- Мис а лъэхъэнэ жыжьэм щыщу ноби къэса щІыпІэ дахэ куэд иІэщ Луксорри. ТхъэлъэІуплэ домбейхэр щаухуэм, Мысырым къыпплъэщІын зэрыщымыІар кьыбгурагъаІуэ плъагъу ухуэныгъэхэм. Абы и щыхьэт наІуэщ дз дыздэщІа Карнак тхъэлъэІуплэр. Къэбгъэльагъуэмэ, мыр апхуэдизкІэ инщи, Москва Василий Блаженнэм и цІэкІэ щыІэ тхъэлъэІуплэри, Милан дэт къупльшырыфри, Нотр-Дам де Пари соборри щІэхуэну жаІэ. Карнак тхъэлъэІуплэр зыкъомэ зэхэтщ, псори зэгъусэу гектари 123-рэ иубыдыу. Абы щІэныгъэлІхэр зэреджэр «Мысыр тхыдэм и мывэ архивщ».

КъищынэмыщІауэ, дыкІуащ Пащтыхьхэм я щІынальэм, абы къыбгъурытщ Пащтыхьгуащэхэм я аузри. Пащтыхьхэм я аузым хъэлэгъунэ 62-рэ къыщагъэтыжащ, абыхэм ящыщу 20-м фирхьэунэхэм я мумиехэр щІэлъщ. ЦІыху куэдым зыщапльыхьырт абыи, ауэ сурэт щытепх хьуртэкъым.

АдэкІэ ззэдгъэлъэгъащ цІыхубз-фирхьэун Хатшепсут и тхъэлъэІуплэри. Ар хуабжьу инщ, Іыхьищу ззэхтщи, дэтхэнэми тхыдэ гъэщІэгъуэнрэ ззэплъынрэ иІэщ.

Зэманым нэджэІуджэ ищІа, ауэ икъутэну зыпэмыльэщщ Мемнон и колоссхэр жьхуиІэ статуехэр. Зы зэман гуэрым ахэр Аменхотеп III и тхъэлъэІуплэм и дыхьэпІэу щытащ, ар яхъумэ щыкІэу. Иджы тхъэлъэІуплэр щытыжьыхэрхьым, ауэ статуехэр къэнащи, кІуэ пэтми нэхъ фаджэ мэхъу, щыщ Іыхьэхэр къыгъэхуурэ. Ауэ блэкІа жьжьэм и щыхьэт нахуэу къэнащи, дызыт щІыр куэд щІауэ зэрыщыІэр наІуэ пщещІ.

- Мысырым и зыплъыхьыпІэхэм ухъыдэхуэу, Каир удэтыну Іэмал уиІа? Дауэ къыпщыхъуа къэралым и щыхьэрыр?

- Хьэщ1апІэ зи деж сыкІуа си щыпхъур щыпсэури щылажьэри Каирт. Ар зэмыщхь куэд щызэтрихьа къалэщ. Абы мусльымэнхэр щыпсэу хьэбли, къызэрыгуэкІ ун зэтетхэр зыдэт уэрами, кІуэл дыдэхэр щыпсэу щІыпІэхэри иІэщ. Ислъам Каирым, псальэм папщІэ, мэжджытыжьхэр, апхуэдэуи иджы ящІаХэр щыкуэдщ. Зы уэрам иІэщ Каир зыуухахэм ящыщ зы Аль-Муизз и цІэр зэрихьэу, Москва и Арбат уэрамым ез-гъэщхьащ ар. Сыт ищІысри щащэ, туристхэр куэду щызокІу. Абы тет мэжджытхэм ущІыхьэурэ зыщІупльыхь мэхъу. Аль-Азхар мэжджытыр дахащэщ, пасэм ящІауэ нобэ къэса ухуэныгъэщ ари, къищынэмыщІауэ, дуней псом щынэхъыжь, диныр щадж университетхэм ящыщщ. Ар зыухуар Каир зыщІа хъалиф Аль-Муиззщ. А Іэхуущ1апІэращ диныр, абы екъэпІа сыт хуэдэ Іуэхури щаджыр. Абы и пщІанТІэм ядыхьа нэужь, нэрылъагъу пщохъу Каир и тхьідэ лъэхъэнэхэм я теплъэр.

Мэжджытхэм языкъзым ищхьэ дыдэм дыдэкІуейри, Каир дыкъеплъащ. Дыгъэ къыхьэжыгъэти, нэгум къыщІэувэр дахащэт, сурэтыщІым къыхуэмыгупсысын хуэдизу.

Копт Каирщ адрей лъэныкъуэм зэреджэр. Мыбы щыпсэур христэнэрращи, члисэхэр щыкуэдщ. Туристхэм я дежкІэ мы пъэнжьыуэм ущыпсэуну нэхъ тыншщ. Ущизакъуэми, зыми уи гугъу къимыщІу къыщыпкІуэхьнущ. Каир нэхъ пасэ дыдэхэм щащІа ухуэныгъэхэм ящыщщ Вавилон быдапІэр. Мысырым и щІынальэм ялэу тращІыхьа урым ухуэныгъэщ ар. Египет музейми ущІэмыжьэу ужьэкІуэжьнІыр щыуагъат. XIX лІощІыгъуэм и 50 гъэхэм ящІа музейр пэши 100 хъууэ зэхэтщ, экспонат мини 130-рэ щІэлъщ. ЕтІуанэ къатым пэш зыбжанэ щыхухэкащ Тутанхамон. Абы и хьэдэр Пащтыхьгуащэм я аузым щахьмэ, ауэ хьугъэфІыгъуэу иІар зыщІэлъыр Египет музейращ.

Музейм и пэш нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщщ Рамзес II, Тутмос II, нэгъэщІ пащтыхьхэм я хьэдэхэр зыщІэлъыр. Гугъущ а псори жыпІэжыну, ауэ зэбгъэльагъуну гъэщІэгъуэнщ.

- Мис ахэращ Мысырыр зыми емыщхь зыщІри...

- Европэм куэдкІэ къыщхьэщокІ. Мысырым щыпсэухэм я гупсысэкІэр, дуней тетыкІэр нэгъуэщІщ. Уи закъуэу къэпкІухьынкІэ Іэмал иІэжьым, уэрамым дэт цІыхуэхэм къыпкІорохъьжьри. ЦІыхухъу умыгъусэу укъэльагъумэ, псори къоПсэлъэн, шхапІэхэм, зыгъэпсэхупІэхэм урагъэблэгъэн щІадзэ. ЗыплъыхьыпІэ гуэр деж укъэувыІамэ, сабийхэр къыббгъэдэлъадэурэ къоІусэ, къолъэІу уи гъусэу сурэт зытрагъэхыну хуейуэ.

ИтІанэ хъуа сызэмысауэ сызрихьэлІар щыгъэн фІыщІэ быхъэшхуэхэр ящыгъэрэ я щхьэм Іэлъэщі фІыщІэ фІэшыхьауэ, я нэм фІэкІа къыщІэмыщу къэзыкІухь цІыхуэхэр. Карир иІэщ туристхэр щынэхъыбэ, интеллигентхэр зыдэс щІыпІэхэри, абы ущыпсэуныр щыщІыкІухэнуи щынагъуэ щыІэкъым, ауэ зыплъыхьыпІэхэм ущыкІуэкІэ, нэхъ тхьэмыщкІэхэр щыпсэу щІыпІэхэм ущызэрагъакІуэркъым.

- Элинэ, уи Іэщ1агъэкІэ усурэттех къудейм и мызакъуэу, сыт щыгъуи гъэщІэгъуэн гуэрхэр къыбогупсыс. Гъэлъэгъуэныгъэхэр къызыбогъэпэщ, республикэм щыІэ выставкэхэм уи Іэдакъэщ1экІхэр щыбогъэлъагъуэ. Адыгэ фащэ зыщыгъ пщащэхэр щыпІэ гъэщІэгъуэнхэм щыІэу сурэтхэр уиІэщ, иджы абыхэм къахэхъуащ уи шыпхъум фащэ щыгъыу къумым иту и щыбагъым пирамидэхэр къыдащу... Ар бгъэхьэзыр проект гуэр хъэмэрэ?

- Сэ сфІэфІщ ди лъэпкъ фащэр зыщыгъ хъыджжбзхэр щыпІэ гъэщІэгъуэнхэм щыІэу тесхьну. Апхуэдэ сурэтхэм иплъагъуэр лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я щэнхабзэхэр зэрызэпыщІарщ, ахэр зэгуэхыпІэ имыІэу къызэрызэдгъэгурыкІуэрщ.

КъэкІуэну зэманым хузиІэ мурадхэм ящыщщ ар проект щхьэхуэу згъэхьэзырыну. Иджыпсту къыздесхьэкІ фащэр си ныбжьэгъу Къаныкъуэ Анфисэ ейщ. Иджы сыкъейт адыгэ фащэм кІэрыпльын хуей псори щІыгъуу, зыхуей хуэзэу дауэ зы сиІэну. Проектыр аддэ си гум илъу арами, пэщІэдзэ гуэр иІэщи, абы иужь ситынущ. ЦІыхуэр хуейм, зримыгъэхъуІэфын зыри щыІэкъым. Си гурыпльхэр къыздэхъуурэ сыкъроклуэ гъащІэм, ари къэзрызэхъуІэнур си фІэщ мэхъу. Дунейм и тепльыджблим, нэгъуэщІ щІыпІэ цІэрыІуэхэми сынэсыну си хъуэпсапІэщ, адыгэ фащэ екІу сІыгъыу.

- Хуабапі щыпІэхэр пфІэфІу щыжьыпІам мыпхуэдэ зы упщІэ сигу къэкІат: ущыпсэуфынут Мысырым?

- ИльэсыМ и хъуреягъыр хуабэу зэрыщытым хуабжьу сыдихьэхырт, дыгъэм сызыІэпишэрт, ауэ сахэзэгъэнутэкъым. Лэжьыгъэ упэрыту зэман гуэр щыбгъэкІуэфынкІи хъунщ, ауэ... Сыщыпсэуфынутэкъым. Уеблэмэ етІуанэуи щытезгъэзэн слъэгъуакъым, пэжыр жыІэнщи. Сэ къызэрысщыхъуамкІэ, уи гъащІэм кьриубыдэу зэ зэбгъэльагъун хуей къудейуэ аращ Мысырыр.

- Дауи, уи псэр здэщыІэ Абхъазым хуэбгъэдакъым...

- Жьжьэуи-гъунэгъууи зэщхькъым. Абхъазым зы ильэсым къриубыдэу щІэ сыкІуэфынщ, хуей хъыумэ, пльэуи сыкІуэнущ. Сыкъанэу сыщыпсэуфынущ... Уэ фІыуэ бощІэ сэ ар фІыуэ зэрыслъагъур. Абы сызыщрихьэлІэ псори сысеийщ, и щІыэпсри, и дунейри спэгъунэгъущ, ныбжьэгъу куэд щызиІэщ. Абхъазыр си зы етІуанэ солъытэ. Мысырыр - Мысырщ.

Епсэльар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Абу Симбел зыплъыхьыпІэм

Мемнон и колоссхэр

Карнак тхъэлъэІуплэр

Нил

Каир чэщанэм укъытету къалащхьэм узэрыІуплъэр

Аль-Муизз и цІэр зезыхьэ уэрамыр

Каир бззэрыр

Каир щыщ сатуущІ

Нил тет кхъуафэ

Асуан псыІущІапІэм и Іуфэм Іутщ Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и мемориалыр

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *ейщ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэжьэр редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхуущапі Іэхэм я ядолжэньэмкІэ - 42-60-53; зыбарыщІэхэм-кІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапі Іэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытахэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 1994 гъэм мэкъуаУэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапі Іэм №Н-0065-м щІэту я ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елажьхэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору Гугъуэт Заремэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзІэпыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.648 ● Заказ №2412